



Department of  
Social Services

## Kesyon Moun Poze Souvan sou CityFHEPS

(Pou moun k ap viv nan Chèlètè Depatman Sèvis Sanzabri (Department of Homeless Services) oswa Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration) oswa Moun k ap viv nan Lari kòm sanzabri)  
(Haitian Creole)

Dokiman sa a bay enfòmasyon jeneral sou pwogram CityFHEPS la. Enfòmasyon sa a se pou fanmi k ap viv nan abri kounye a oswa k ap viv nan lari kòm sanzabri epi k ap aplike pou CityFHEPS pou premye fwa. Li pa la pou bay tout detay sou fonksyònman pwogram CityFHEPS la.

### Kisa CityFHEPS ye?

CityFHEPS se yon pwogram èd pou lwaye pou ede moun ak fanmi jwenn ak kenbe lojman yo. Li sou administrasyon Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS), ki gen ladan alafwa Depatman Sèvis Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS) ak Administrasyon Resous Imèn (HRA).

### Èske mwen ka jwenn CityFHEPS si mwen nan yon abri HRA oswa DHS?

Se pa tout moun oswa fanmi ki nan abri kounye a ki pral kalifye pou pwogram lan. Si w ap kite yon abri DHS oswa HRA, fanmi w pa dwe te ap viv deja nan rezidans ou pral rete a pandan ane ki sot pase yo.

Pou jwenn CityFHEPS, moun lakay ou dwe satisfè kondisyon sa yo:

- Dwe gen yon revni brit ki se 200% nivo povrete federal la oswa pi ba\*,
  - Ap resevwa Èd Asistans Lajan Kach, si ou kalifye;
  - Pa kalifye pou okenn lòt pwogram asistans pou lwaye, tankou FHEPS;
- ★ Si ou se yon granmoun ki pou kont li ki gen yon salè minimòm ak ap travay omwen 35 èdtan pa semèn, revni brit ou kapab plis pase 200% nivo povrete federal la.

### EPI

- Ou dwe respekte **youn (1)** nan kritè ki vin apre yo:
    - Se yon fanmi ki ap viv nan yon abri DHS \*; **OSWA**
    - Se yon Adilt selibatè k ap viv nan yon abri DHS \*;
    - Ap viv nan yon abri HRA;
    - Ap viv nan yon abri DHS epi kalifye pou abri HRA \*;
- ★ Si w ap kite yon abri DHS oswa HRA, fanmi w pa dwe te ap viv deja nan rezidans ou pral rete a pandan ane ki sot pase yo.

### EPI

(Vire paj la)

2. Li satisfè **youn (1)** nan kondisyon an plis sa yo **tou**:
- Fwaye a gen yon adilt ki te ap travay (swa sibvansyone oswa pa sibvansyone) 10 èdtan pou chak semèn pandan 30 dènye jou yo;
  - Yon moun ki nan kay la ki andikape (resevwa avantaj federal pou andikap oswa benefisyè Èd Lajan Kach epi ki sou pakou SSI WeCARE la);
  - Yon moun nan fwaye a gen 60tan oswa plis;
  - Yon moun ki gen 18 lane oswa plis gen egzansyon pou egzijans travay Èd Lajan Kach mande paske yo bezwen yo nan kay la pou pran swen yon moun nan fanmi an ki gen yon andikap;
  - Fwaye a gen yon moun ki te sèvi nan fòs lame ameriken yo;
  - Fwaye a ap viv nan yonabri DHS ki pral fèmen;
  - Pwogram kalifikasyon CityFHEPS la te refere fwaye a, epi DSS te detèmine CityFHEPS te nesesè pou fè antre nanabri a. (Si ou nan yonabri DHS epi sa aplike pou ou, kowòdonatè dosye w la pral wè yon nòt nan dosye ka.)

Si w ap kite yonabri DHS oswa HRA, fanmi w pa dwe te ap viv deja nan rezidans ou pral rete a pandan ane ki sot pase yo. Si ou gen nenpòt kesyon sou CityFHEPS ak kalifikasyon ou, ou ta dwe pale ak espesyalis lojman oswa kowòdonatè dosye ou.

### **Èske mwen ap jwenn èd pou m peye frè aplikasyon pou apatman mwen an si m ap viv nan yonabri DHS?**

Si w ap viv nan yonabri DHS, nou ap peye frè aplikasyon an pou ou. Ou ka pale ak moun k ap jere dosye ou a si ou bezwen èd.

### **Èske mwen ka jwenn CityFHEPS si mwen pa gen kay pou rete epi mwen nan lari?**

Si w pa gen kay pou rete epi ou nan lari, ou abite nan yon sant kote ou jis pase, oswa w ap viv nan yon lojman tranzisyonèl, w ap bezwen ap resevwa sèvis nan men yon founisè ki gen kontra DHS pou w ka kalifye pou CityFHEPS. Ou ka kalifye pou CityFHEPS tou si ou rete nan lojman pèmanan apre yo te retire ou nan yon sant kote pou jis pase, nan yon lojman tranzisyonèl oswa dirèkteman nan lari a.

Ou dwe toujou satisfè kritè debaz kalifikasyon CityFHEPS sa yo:

- Dwe gen yon revni brit ki se 200% nivo povrete federal la oswa pi ba\*,
  - Ap resevwa Èd Asistans Lajan Kach, si ou kalifye;
  - Pa kalifye pou okenn lòt pwogram asistans pou lwaye;
- ★ Si ou se yon granmoun ki pou kont li ki gen yon salè minimòm ak ap travay omwen 35 èdtan pa semèn, revni brit ou kapab plis pase 200% nivo povrete federal la.

Si ou gen nenpòt kesyon sou CityFHEPS ak kalifikasyon ou, ou ta dwe pale ak espesyalis lojman oswa kowòdonatè dosye ou.

### **Kijan m ap konnen si m kalifye pou CityFHEPS?**

W ap konnen si w ta ka kalifye pou CityFHEPS lè ou resevwa “Lèt Acha” (Shopping Letter) a ak “Lèt Kotizasyon moun nan Kay” (Household Share Letter la). Se DSS ki bay lèt sa yo epi espesyalis lojman w oswa responsab dosye w ap fè w jwenn yo. Depi ou fin gen lèt sa yo, ou ka kòmanse chèche yon lojman.

Depi ou jwenn yon lojman, ou dwe avèti espesyalis lojman w oswa responsab dosye w. Y ap ede w soumèt dokiman ki nesèsè yo pou DSS kapab wè si w kalifye pou CityFHEPS ak si lojman ou an kalifye pou pwogram lan.

### **Èske mwen dwe ap resevwa Èd Lajan Kach (Cash Assistance) pou mwen jwenn CityFHEPS?**

Si kay ou kalifye pou Èd Lajan Kach, ou dwe resevwa avantaj sa yo. Anplis, ou pa kapab gen yon “sanksyon” sou dosye w. Yon sanksyon se lè oumenm, oswa yon moun nan kay ou, pa respekte règ HRA yo, epi kay ou resevwa mwens avantaj. Si oumenm oswa yon lòt moun nan kay ou gen yon sanksyon, ou dwe ale nan Sant Travay DSS/HRA ou pou retire sanksyon an anvan pou w kapab jwenn CityFHEPS.

### **Konbyen tan mwen ka kontinye resevwa CityFHEPS?**

Anjeneral pwogram CityFHEPS la bay jiska kat (4) renouvèlman anyèl, epi gen ekstansyon anplis ki disponib pou “rezon valab”.

Kantite senk (5) ane maksimòm sa a pa aplikab pou kay ki gen ladan yon moun ki gen 60 ane oswa plis, oswa ki gen ladan yon granmoun ki resevwa avantaj federal pou andikap. Renouvèlman yo disponib si kay yo kontinye ranpli kondisyon pou kalifikasyon yo ak si kontinye gen finansman disponib.

### **Kisa pou m fè ak Lèt Acha a ak Lèt Kotizasyon moun nan Kay la?**

Depi DSS fin jwenn ou gen posiblite kalifye pou resevwa CityFHEPS, responsab dosye oswa espesyalis lojman w ap ba de (2) dokiman: yon Lèt Acha ak yon Lèt Kotizasyon moun nan Kay la.

Lè w resevwa lèt sa yo, sa pa vle di ou kalifye definitivman pou CityFHEPS. Sa vle di sèlman gen posiblite pou w kalifye pou CityFHEPS. Y ap deside kalifikasyon w pou pwogram lan sèlman depi ou jwenn yon apatman, yon chanm pou yon sèl moun (Single Room Occupancy, SRO), oswa yon chanm ki kalifye epi responsab dosye w oswa espesyalis lojman w soumèt bay DSS yon pake dokiman ki obligatwa yo.

Depi ou fin resevwa Lèt Acha ak Lèt Kotizasyon moun nan Kay la, egzamine yo epi pale sou yo avèk responsab dosye w oswa espesyalis lojman w. Si enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon sou revni ki nan lèt sa yo egzak, responsab dosye w oswa espesyalis lojman w ap kòmanse ede w chèche lojman pèmanan.

### **Kisa pou m fè ak Lèt Acha a ak Lèt Kotizasyon moun nan Kay la (kontinye)?**

Ou responsab chèche epi jwenn yon lojman. Lè w ap chèche, ou dwe konsidere ak anpil atansyon kisa ki pi enpòtan pou ou. Pa egzanp, ou ka bezwen pou w pre fanmi, lekòl, doktè, elatriye.

### **Kijan lèt sa yo ede m jwenn lojman?**

Pandan w ap chèche lojman ak pale avèk mèt kay yo, Lèt Acha a ap sèvi kòm yon gid pou oumenm, mèt kay ou posib genyen an, ak nenpòt koutye ou ta ka ap kolabore ak li.

Lèt Acha a ap di oumenm, mèt kay la, ak/oswa yon koutye:

- Pri lwaye ki pi wo nan CityFHEPS a pral otorize pou kantite moun ki nan kay ou an ak ki kalite lojman (ki gen ladan apatman, chanm, SRO);
- Enpe nan ankourajman finansye DSS ka ofri mèt kay la oswa koutye a; *ak*
- Kalite dokiman ki nesèsè pou mèt kay la oswa koutye a bay pou kontinye evalyasyon kalifikasyon pou CityFHEPS la.

Lèt Kotizasyon Moun nan Kay la se **pou itilizasyon oumenm sèlman**. Li **pa** la pou w kominike bay mèt kay ou posib genyen yo ni bay koutye yo.

Lèt Kotizasyon moun nan Kay la fè w konnen:

- Ki montan sipleman èd pou lwaye CityFHEPS ou posib jwenn;
- Konbyen nan pri lwaye a ou ta ka gen pou w peye (“kotizasyon moun nan kay” ou); *ak*
- Rezon ki fè nou te jwenn ou gen posiblite pou w kalifye pou resevwa CityFHEPS.

Lèt sa a endike an detay tou enfòmasyon sou revni moun nan kay la DSS gen nan dosye pou oumenm ak/oswa moun kay ou. Li enpòtan pou w repase enfòmasyon sa yo pou asire yo bon. Si ou apwouve pou CityFHEPS ou pral resevwa yon lèt ki soti nan DSS ki endike definitivman pòsyon kay la dwe peye a. Si enfòmasyon w te chanje depi lè ou te resevwa Lèt pou pòsyon kay ou dwe peye a, montan Lèt Apwobasyon an endike ou pral oblije peye a ka diferan. Lèt Apwobasyon ou an gen montan kòrèk ou dwe peye a.

### **Ki kalite lojman mwen kapab lwe avèk CityFHEPS? Kikote mwen kapab itilize CityFHEPS mwen an?**

Ou ka sèvi ak CityFHEPS la pou w lwe tout yon apatman nenpòt kote nan Eta New York la. Ou ka itilize CityFHEPS tou pou lwe yon apatman nenpòt kote nan Eta New York oswa Okipe yon Sèl Chanm (Single Room Occupancy, SRO) nan senk (5) awondisman vil New York yo. Kantite lajan lwaye ak alokasyon ou resevwa nan dokiman sa ap valab sèlman si w al rete nan vil New York la. Si w ta gen lide demenaje kite Vil New York, men w ap toujou ret anndan Eta New York la, tanpri ale sou sit entènèt DSS CityFHEPS la pou w ka jwenn pri lwaye nan tout Eta a nan <https://www.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page>.

Inite SRO yo disponib pou kay ki gen yon grenn adilt sèlman. Maksimòm lwaye CityFHEPS otorize nan Vil New York se \$1,967 pa mwa.

Yon sèl chanm lan disponib pou yon kay ki pa gen plis pase de (2) granmoun. Montan lwaye maksimòm CityFHEPS otorize se \$1,100 chak mwa.

**(Vire paj la)**

**Ki kalite lojman mwen kapab lwe avèk CityFHEPS? Ki kote mwen kapab itilize CityFHEPS mwen an (kontinye)?**

Estanda peman yo se kantite maksimòm sibvansyon HRA pral peye mèt kay la nan non lokatè CityFHEPS la. Estanda peman HRA yo baze sou estanda Seksyon 8 yo adopte nan Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA).

Estanda peman yo varye selon kantite chanm ak si tout oswa kèk nan sèvis piblik yo (elektrisite, dlo, elatriye) ladan l. Asire w ke w konnen ki sèvis piblik, si genyen, ki enkli nan lwaye a. Tablo ki anba a montre montan maksimòm HRA pral peye selon kantite chanm ak kalite sèvis piblik ki gen nan lwaye a, si genyen.

Estanda peman an refere tou a kantite maksimòm chanm HRA pral sibvansyone. Estanda peman yo baze sèlman sou kantite moun ki abite nan kay ki jwenn èd la. HRA pral otorize yon chanm/zòn pou dòmi pou chak de (2) moun. Pa egzanp, si gen 3 moun, HRA ap peye pou yon 2 chanm a kouche paske sa pral pèmèt 2 moun nan yon zòn pou dòmi ak 1 nan yon lòt.

Tout kantite lajan ki nan tablo anlè a valab sèlman si ou ap demenaje nan vil New York la. Si w ta gen lide demenaje kite Vil New York, men w ap toujou rete anndan Eta New York la, tanpri ale sou sit entènèt DSS CityFHEPS la pou w ka jwenn pri lwaye nan tout Eta a nan <https://www.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page>.

Kantite Moun Kay la Genyen:	Kantite Chanm a Kouche	Tout Bil pou Sèvis yo Ladan l	San Gaz Pou Kwit Manje ak Elektrisite	Ak Gaz Pou Kwit Manje Sèlman	Ak Elektrisite Sèlman	Bil pou Sèvis pa Ladan l
1	SRO	\$1,967	\$1,868	\$1,893	\$1,942	\$1,783
1	0 (Estidyo)	\$2,624	\$2,525	\$2,550	\$2,599	\$2,440
1 oswa 2	1	\$2,696	\$2,584	\$2,612	\$2,668	\$2,484
3 oswa 4	2	\$3,027	\$2,885	\$2,918	\$2,994	\$2,762
5 oswa 6	3	\$3,777	\$3,606	\$3,643	\$3,740	\$3,464
7 oswa 8	4	\$4,070	\$3,868	\$3,910	\$4,028	\$3,705
9 oswa 10	5	\$4,680	\$4,448	\$4,494	\$4,634	\$4,263
11 oswa 12	6	\$5,291	\$5,059	\$5,105	\$5,245	\$4,874
13 oswa 14	7	\$5,901	\$5,669	\$5,715	\$5,855	\$5,484
15 oswa 16	8	\$6,512	\$6,280	\$6,326	\$6,466	\$6,095
17 oswa 18	9	\$7,122	\$6,890	\$6,936	\$7,076	\$6,705
19 oswa 20	10	\$7,733	\$7,501	\$7,547	\$7,687	\$7,316

(Vire paj la)

**E si mwen jwenn yon apatman ki gen mwens chanm pase sa ki nan lèt pou m al chèche chanm nan?**

HRA ap peye estanda a selon lokasyon aktyèl la, pa sa ki sou lèt la. Pa egzanp, si lèt ou a di ou ka lwe yon apatman ak 3 chanm, men ou lwe yon apatman ak 2 chanm, nou t ap peye jiska estanda pou yon apatman 2 chanm. Si ou gen kesyon sou yon inite an patikilye w ap gade oswa nenpòt sikonstans espesyal ou kapab rankontre, mande responsab ka ou an pou mete inite a sou revizyon.

**E si mwen jwenn yon apatman ki gen mwens chanm pase sa ki nan lèt pou m al chèche chanm nan?**

HRA ap peye estanda a selon lokasyon aktyèl la, men se pa sa ki sou lèt la. Pa egzanp, si lèt pou w al chèche kay la di ou ka lwe yon apatman ki gen 2 chanm, ou ka lwe yon apatman ak 3 chanm, toutotan sa koresponn ak kritè pèman pou yon apatman ki gen 2 chanm (si w ap demenaje pou w ale yon kote anndan Vil New York, pèman estanda pou yon apatman ki gen 2 chanm a kouche se \$3,027).

**E si mwen jwenn yon apatman kote montan lwaye a se menm ak tout sèvis piblik yo, men sèvis piblik yo pa ladan? Èske m ka fè yon aranjman ak pwopriyetè a pou diminye lwaye a epi m ap peye diferans la?**

HRA p ap peye montan pou yon apatman avèk sèvis piblik yo si pwopriyetè a pa bay sèvis sa yo. Pwopriyetè a dwe ranpli yon fòm ki fè HRA konnen ki sèvis piblik yo bay, si genyen. Epi non, yo pa otorize akò sou kote ak yon pwopriyetè.

**Èske DSS gen lòt egzijans pou apatman an/lojman an?**

Wi. Menm jan ak Seksyon 8 la, tout lwaye yo dwe pase yon tès lwaye rezonab, ki vle di fakti lwaye a pa ka depase fakti lòt lwaye yo pou inite ki menm jan nan katye a. Tès lwaye rezonab la pral fèt sèlman apre yo fin soumèt tout dokiman yo bay DSS la.

**Kijan yo detèmine montan mwen dwe peye nan pri lwaye a?**

Gen yon kantite faktè ki detèmine montan ou dwe peye nan pri lwaye a. Yo gen ladan kantite moun ki nan kay ou ak revni pou chak moun nan kay la.

**Kijan m ap konnen konbyen CityFHEPS ap peye mèt kay mwen an ak konbyen m ap oblije peye?**

Si nou apwouve w pou CityFHEPS, n ap voye yon avi apwobasyon ba ou ki endike an detay konbyen n ap peye mèt kay la ak konbyen ou dwe peye.

**Kijan paman chak mwa a fonksyone?**

DSS pral bay pwopriyetè w la yon chèk chak mwa pou pòsyon CityFHEPS dwe bay pou lwaye w la.

### **Kisa pou m fè si kontra lwaye m nan fè konnen tout lwaye dwe peye nan yon dat oswa pral gen frè pou reta?**

Depi yo fè peman an nan mwa yo dwe lwaye a, yo p ap konsidere sa kòm reta. Yon pwopriyetè ka toujou eseye mande frè pou reta, men yo pa ka mete w deyò sèlman pou frè reta.

### **Èske pwopriyetè a ka pousuiv mwen lajistis pou frè reta?**

Pwopriyetè a pa ka reysi nan mennen w devan tribinal lojman an pou frè reta. Pwopriyetè a tou pa ka mennen w devan tribinal pou ti reklamasyon yo pou frè reta yo faktire pou pòsyon CityFHEPS pou lwaye. Sepandan, Yo ka mennen w devan tribinal pou ti reklamasyon an si pòsyon pa w la an reta epi yo bay fakti frè pou reta a. Si w gen difikilte pou w peye patipasyon pou fwaye w la, kontakte Homepage pou w wè ki èd ou ka jwenn Rele **311** pou jwenn adrès Homepage ki pi pre w la.

### **Èske mwen gen dwa rete nan menm inite lojman an pandan tout tan m ap resevwa CityFHEPS?**

Anjeneral, si ou nan yon inite ki gen pri lwaye kontwole, ou ka rete nan inite ou an. Sinon, dwa w genyen pou w rete nan kay ou a baze sou kondisyon ki nan kontra lwaye w la.

### **E si revni mwen chanje epi mwen pa kapab peye kontribisyon mwen an?**

Ou kapab soumèt yon demann modifikasyon bay HRA avèk nouvo dokiman sou revni ou an ki anekse. Ou kapab jwenn Demann pou yon Modifikasyon nan Kantite Sipleman Asistans pou Lwaye CityFHEPS ou a sou entènèt nan <https://www.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page>.

### **Kilè pri lwaye mwen ka ogmante?**

Si w nan yon apatman lwaye kontwole, lwaye ou kapab monte sèlman selon kantite lajan lalwa te otorize. Si w pa nan yon inite lwaye kontwole, pwopriyetè kay ou an kapab monte lwaye ou an pandan renouvèlman kontra fèmaj lan. Ou kapab soumèt yon kontra lwaye siyen avèk kantite ki ogmante nan lwaye a ansanm ak renouvèlman ou an oswa ou kapab itilize Demann pou yon Modifikasyon nan Kantite Sipleman Asistans pou Lwaye CityFHEPS ou a sou entènèt nan <https://www.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page>.

### **E si mèt kay mwen an di mwen dwe peye lajan anplis?**

Mèt kay ou an pa kapab mande w pou w peye plis pase pòsyon nou te jwenn kay ou dwe peye a, sof si alokasyon pou chètè w la diminye. Si sa rive, w ap oblije peye diferans lan. Mèt kay ou an pa kapab mande w pou w peye yon depo garanti paske DSS ap ba yo yon kupon garanti. Si mèt kay la mande w pou w peye plis lajan, tanpri fè responsab dosye w oswa espesyalis lojman w konn sa.

### **E si yon mèt kay di li p ap aksepte CityFHEPS?**

Mèt kay /koutye yo pa kapab refize lwe w kay paske w ap resevwa CityFHEPS. Se sa yo rele diskriminasyon akòz "Sous Revni" epi sa ilegal nan Vil New York. Si yon mèt kay refize lwe ou yon kay paske ou benefisye pwogram CityFHEPS la, tanpri rele Komisyon Dwa Moun (Commission on Human Rights) NYC a nan 212-416-0197.

### **Kimoun mwen kapab rele si mwen gen bezwen èd oswa mwen gen yon kesyon sou CityFHEPS?**

Ou ka pale dabò ak administratè dosye w la oswa ak espesyalis lojman w nan konsènan tout kesyon w ka genyen.

### **Kisa k ap pase si mwen gen pwoblèm pou mwen peye lwaye mwen osinon genyen nenpòt lòt pwoblèm aprè mwen fin kite lojman an?**

Aprè w fin kiteabri an, ou kapab rantre an kontak ak sèvis suivi Homepage yo. Kontakte yo tousuit si w gen pwoblèm pou peye lwaye w, ansanm ak nenpòt ogmantasyon lwaye nan renouvèlman kontra lwaye. Rele **311** pou jwenn biwo Homepage ki pi pre ou an oswa rele founisè ki pa rezidansyèl ou an. Si ou pa p viv NYC, men ou nan NYS epi ou bezwen yo ede w ak yon transfè, tanpri rele 718-557-1399.



### **Ou ta Dwe Konnen**

- Yon mèt kay oswa yon koutye pa kapab refize aksèpte CityFHEPS. Refi pou aksepte CityFHEPS ka reprezante yon diskriminasyon akòz sous revni dapre Lwa Vil New York sou dwa moun yo oswa Lwa Eta New York sou dwa moun yo.
- Nou entèdi akò sou kote yo. Yon akò sou kote se lè yon mèt kay oswa koutye mande ou peman davans oswa kontinyèl.
- Si yon mèt kay oswa yon koutye refize CityFHEPS oswa mande w yon lòt aranjman sou kote, tanpri rele Komisyon Dwa Moun NYC a nan 212-416-0197.
- Koupon garanti HRA a konsidere kòm peman garanti. Yon mèt kay oswa yon koutye pa dwe mande w pou w peye okenn lajan anplis pou garanti.
- Koutye yo pa dwe mande w pou w peye okenn frè lòt koutye anplis paske DSS ap peye frè koutye w yo.
- Mèt kay ou an pa kapab fòse w deplase pou w ale nan yon inite apatman diferan.
- Rele Komisyon Dwa Moun NYC a nan 212-416-0197 si kay ou te wè lè w te vizite a pa menm avèk sa yo pwopoze w la lè w demenaje a.

*CityFHEPS menm jan ak pwogram federal Seksyon 8 la paske, selon disponibilite finansman an, li bay èd, tankou èd pou peye lwaye selon montan espesifik, pou pwopriyetè ak lokatè ki vle fòme yon relasyon pwopriyetè ak lokatè. Nenpòt kalite relasyon nan kontra ap egziste sèlman ant chak lokatè k ap patisipe nan pwogram nan epi ak pwopriyetè chak lokatè k ap patisipe nan pwogram nan.*